

# Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) /

[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /

[Перевод документа на русский язык](#) / [یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#)

[schools.nyc.gov/messagesforfamilies](https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies)

## Semèn 27 septanm 2021

Aprè kontantman ak lajwa de premye semèn depi nou tounen lekò la elèv, estaf ak fanmi kòmanse adapte yo avèk nouvo woutin yo ak rebati relasyon anpèsòn yo te tèlman manke. Se yon moman kontantman agreyab, men tou yon moman ki chaje avèk aktivite! Aprann kòman ou ka kenbe pitit ou sennesof ak sipòte siksè akdademik li avèk dènye mizajou pou fanmi DOE a, epi ale sou sitwèb nou an pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo: [schools.nyc.gov/homecoming](https://schools.nyc.gov/homecoming)

### Kontni:

- [Mizajou enpòtan sou pwotokòl sante ak sekirite pou COVID-19](#)
- [Sipòte siksè akademik](#)

## Mizajou enpòtan sou pwotokòl sante ak sekirite pou COVID-19

### **Karantèn ak fèmte salklas**

Apati **Lendi 27 septanm**, dapre dènye gid ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), nou p ap fèmen yon salklas antye ankò lè gen yon ka pozitif nan salklas la. Yo p ap konsidere elèv ki pa vaksinen ki mete mask epi ki nan omwen distans twa pye avèk yon elèv ki teste pozitif kòm kontak rapwoche dapre gid CDC epi yo p ap gen pou ale nan karantèn. Nouvo règleman sa a aplike pou tout elèv ki nan nenpòt klas.

Tanpri ale sou [schools.nyc.gov/2021health](https://schools.nyc.gov/2021health) pou jwenn plis enfòmasyon ak dènye règleman sou sante ak sekirite yo nan lekò leta Vil Nouyòk pou ane lekòl 2021–22 a.

### **Tès COVID-19 nan lekòl**

Apati **Lendi 27 septanm**, DOE ap ogmante tès oaza COVID-19 nan tout lekòl primè, presegondè, ak segondè pou elèv ki nan klas 1ye-12yèm ane ki pa vaksinen kote kounye n ap fè tès yo **chak semèn** olye chak de semèn.

Tès esansyèl anpil pou kenbe tout moun sennesof nan lekòl nou yo, epi tout elèv ta dwe patisipe.

**Nou teste sèlman elèv ki gen konsantman paran yo epi nou ankouraje anpil tout fanmi pou bay yon fòm konsantman pou tès ki ajou pou ane lekòl 2021–22 a nan lekòl yo.** Si ou poko bay konsantman sa a, ou ka fè sa nan youn nan de fason sa yo:

- Ou ka ranpli fòm lan nan kont lekòl NYC (NYCSA) ou a: [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc.gov) oswa
- Download fòm lan sou entènèt nan [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting) epi pote fòm lan lè w fin ranpli l nan lekòl pitit ou a.

## Vaksinasyon

Nan kolaborasyon avèk sant kòmand vaksen Vil Nouyòk ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) tout lokal lekòl k ap sèvi timoun ki gen laj 12 ane pou pi piti ap bay vaksen Pfizer-BioNTech pou Nouyòkè ki elijib pandan 4-8 oktòb pou fè li pi fasil posib pou pran vaksen an ak rete sennesof. **Si pitit ou a te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 nan yon lokal lekòl pandan premye semèn lekòl la**, li ka resevwa kounye a dezyèm dòz li nan lokal sa yo pandan premye semèn oktòb la. Moun yo ka resevwa tou premye dòz la nan lokal sa yo pandan tan sa a. Moun ki resevwa premye dòz vaksen nan yon lokal lekòl ann oktòb, y ap rekòmande yo ba yon founisè lokal pou dezyèm dòz yo.

**Li pa nesèsè pou pran randevou nan lokal sa yo.** Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lè lokal sa yo ap fonksyone nan lekòl ou a oswa si w ale nan [schools.nyc.gov/covid19](https://schools.nyc.gov/covid19).

Vaksinasyon se etap ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje oumenm ak fanmi ou kont COVID-19, epi tout moun ki abite Nouyòk ki gen laj 12 ane pou pi piti elijib kounye a pou pran vaksen COVID-19 la. Elèv ki gen laj 12 ane ak pi gran k ap patisipe nan espò apre lekòl ak lòt aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik la ki gen anpil risk oblije pran vaksen pou yo ka patisipe nan aktivite sa yo pandan ane lekòl 2021-22 a. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nou an: [schools.nyc.gov/2021health](https://schools.nyc.gov/2021health)

Si ou gen yon timoun ki gen omwen laj 12 ane epi li poko pran tout dòz vaksen li, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) ak DOE ankouraje w seryezman pou fè li vaksinen pi vit posib lè w ale nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov). Pou enfòmasyon DOE ki ajou sou vaksinasyon, ale nan [schools.nyc.gov/covid19](https://schools.nyc.gov/covid19).

**Rapèl sou règleman pou vizitè lekòl:** Tout vizitè ki elijib pou pran vaksen dwe montre prèv omwen yon dòz vaksen COVID-19 pou yo ka antre nan yon bilding lekòl. Vizitè pa vle di elèv ki ale lekòl nan yon bilding DOE.

## Pòtal Vaksinasyon Depatman Edikasyon (DOE)

Avèk enfòmasyon ki nan kont DOE pitit ou a, ou ka upload yon foto kat vaksinasyon pitit ou a oswa NYC Excelsior Pass nan Pòtal vaksinasyon DOE a nan [vaccine.schools.nyc](https://vaccine.schools.nyc). Lè w bay enfòmasyon sa a, sa pral ede repons ak efò rekiperasyon Vil Nouyòk pote nan pandemi an, ede asire kominote lekòl nou yo rete san danje pou tout elèv.

## Sipòte siksè akademik

### Prezans

Nou fyè pou nou reouvri salklas Vil nouyòk pou elèv epi li te enteresan pou wè kontantman ki nan kominote lekòl nou yo pandan elèv yo rejwenn pwofesè ak kamarad yo. Salklas la fonksyone pi byen lè pitit ou a anpèsòn ak nan lekòl. Rechèch montre lè w ap patisipe anpèsòn sa fè yon gwo diferans nan aprantisaj elèv ak nan byennèt sosyal ak emosyonèl yo. Si pitit ou a santi l byen, tanpri fè tout efò pou asire w li ale lekòl chak jou.

**Chak Elèv, Chak Jou:** Lekòl yodwe kontwole prezans chak jou pou konnen chak elèv ki prezan oswa absan. Si pitit ou a absan, lekòl ou a pral fè yon kominikasyon pozitif lakay ou nan jou sa a, pa tèks oswa pa imèl. Nou konnen li pa fasil pou fè pitit ou a vin lekòl chak jou. Atravè apèl sa yo, nou ka bay pitit ou a èd valab nan retire baryè ki anpeche pitit ou a prezan. Ou ka rele tou 311 pou jwenn sipò. Li pa janm trò ta pou voye pitit ou a lekòl. Nou la pou sipòte w epi nou tout angaje nan sa.

Tanpri pataje enfòmasyon ki korek pou yo kontakte w avek lekòl la lè w ranpli **fòm kontak pou ijans** lekòl la bay la epi voye l tounen oswa si w mete ajou enfòmasyon w yo nan **kont lekòl Vil nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA)**.

Regleman sou prezans lekòl ou a eksplike kisa ki kalifye yon absans motive oswa ki pa motive, ak règ espesifik lekòl la konsènan reta, kite bonè ak ratrapj lè. Sa pral klarifye tou kijan yo konte prezans nan jou lè yon elèv ka gen karantèn oswa aprann lakay akòz jou nèj.

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon, tanpri kontakte direktè lekòl ou a oswa kowòdonatè paran an. Ou ka voye imèl tou nan [attendance@schools.nyc.gov](mailto:attendance@schools.nyc.gov).

### Sipò finansye pou kolèj

Èske w te konnen? Fanmi ki gen elèv nan kindergarten nan lekòl leta Vil Nouyòk (ladan sa ki nan lekòl charter) vil la elijib pou patisipe nan pwogram Save for College Program—kèlkeswa revni yo oswa sitistasyon imigrasyon yo.

Pwogram **NYC Kids RISE Save for College Program** ofri fanmi, lekòl ak kominote yo yon mwayen pou travay ansanm pou ekonomize ak pou investi nan lavni pitit yo. Bousdetid ak pwogram ekonomi sa a la pou fè kolèj ak trening pou karyè pi aksesib pou elèv lekòl leta lè yo ofri chak elèv sipò finansye pou lavni yo nan edikasyon.

Nou ankouraje w patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl avèk NYC Kids RISE pou konnen kòman pwogram lan fonksyone, benefis pou pitit ou a, ak kòman fanmi w ka patisipe. Enskri nan [nykidsrise.org/events](https://nykidsrise.org/events)

- Mèkredi 6 oktòb, 6:00–7:30 p.m. (Anglè, entèpretasyon andirèk (live) pou arab ak mandarin)
- Vandredi 8 oktòb 10:00–11:30 a.m. (Panyòl)
- Madi 12 oktòb, 6:00–7:30 p.m. (Anglè, entèpretasyon andirèk (live) pou arab ak mandarin)
- Mèkredi 13 oktòb, 6:00–7:30pm (Panyòl)
- Madi 19 oktòb, 10:00-11:30 p.m. (Anglè, entèpretasyon andirèk (live) pou arab ak mandarin)
- Mèkredi 20 oktòb, 10:00–11:30am (Panyòl)
- Madi 25 oktòb, 10:00-11:30 p.m. (Anglè, entèpretasyon andirèk (live) pou arab ak mandarin)
- Mèkredi 27 oktòb, 6:00–7:00pm (Bengalè)
- Mèkredi 3 novanm, 10:00-11:30 p.m. (Anglè, entèpretasyon andirèk (live) pou arab ak mandarin)
- Lendi 8 novanm, | 06:00-7:30pm (Panyòl)

Gen yon videyo webinar sa a ki gen enfòmasyon nan 10 lang ki pral disponib tou nan Parent University: [parentu.schools.nyc](https://parentu.schools.nyc)

### Sipò pou elèv ki nan lojman tanporè

Si pitit ou a pa gen kay pou l rete (ap viv nan yonabri pwovizwa oswa nan kèk lòt lojman tanporè akòz difilte ekonomik), gen resous ki disponib nan lekòl ou a pou ede sipòte fanmi w ak pwogrè akademik pitit ou a.

Chak distri lekòl gen yon **manadjè rejyonal pou elèv ki nan lojman tanporè (Students in Temporary Housing, STH)** ki ka reponn kesyon ak konekte w ak DOE ak lòt resous ajans vil la ki la pou ofri benefis gratis. Sa gen ladan transpò pou ale ak tounen lekòl, èd nan enskripsyon ak pou transfè nan lekòl, ak jwenn aksè nan pwogram ak opòtinite espesyal. Manadjè rejyonal STH a travay dirèkteman avèk plis pase 300 estaf nan lekòl ak nan shelter, tankou travayè sosyal, ki antrene espesyalman pou konprann bezwen inik ak fòs fanmi ki pa gen kay pou rete.

Anplis, chak lekòl gen yon **lyezon STH devwe nan lekòl la**, ki ka asire elèv ak fanmi ki pa gen kay pou rete jwenn enfòmasyon, resous ak benefis.

Tanpri kontakte konseye pedagogik, travayè sosyal oswa direktè lekòl ou a pou asistans. Gen plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/sth](https://schools.nyc.gov/sth).